

ETA KAWOLIN DINÒ  
KONSÈY EGZAMEN



SOU DOSYE:

# Desizyon Otorite Siperyè yo:

ATTN:

Demandè

Anplwayè

Selon N.C. Gen. Stat. § 96-15(e), koz sa te vini devan Konsèy Egzamen an ( “Konsèy”) pou **apèl anplwayè oswa demandè** a nan de yon desizyon pa Abit Apèl:.....sou nimewo Dosye Apèl..... Prèv dosye a te egzamine antyèman.

Lwa sou Sekirite Travay la prevwa, konklizyon jij la ta pral konsidere kòm desizyon final Divizyon an sof si nan delè trant (30) jou aprè dat notifikasyon an oswa kourye konklizyon an, kelkeswa sa ki pi bonè, yon apèl ekri te depoze. N.C. Gen. Stat. § 96-15(b)(2). Konsèy la kapab pwolonje tan pou fè depozisyon Apèl pou montre bon koz an konfòmite avèk 04 N.C. Admin. 24A .0105(26). Bon koz, jan li itilize nan Lwa sou Sekirite Travay la, dwe yon rezon sifizan legalman ki jistifye yon eskiz legal paske ou pa te rive fè yon aksyon ki egzije pa lalwa nan egzèsis dilijans rezonab la. “Dilijans Rezonab” vle di mezi atansyon, prekosyon, epi bon jijman k ap atann, epi ki egzèsè pa yon moun pridan epi rezonab nan sikonstans patikilye yo. 04 N.C. Kòd Admin. 24A .0105(21).

**[NÒT pou Asistan Jiridik oswa Daktilograf yo: 3 jou anplis yo pa aplike nan Rezolisyon Jij la. Dwa apèl yo ap ekspire 30 jou aprè dat li te voye pa lapòs la].**

Nimewo Dosye Rezolisyon Jij la:                    te voye pa lapòs nan dat                    . Dwa apèl pou Rezolisyon an te ekspire trant (30) jou aprè, nan dat:..... N.C. Gen. Stat. § 96-15(b)(2). Peryòd tan an elaji jiska pwochen jou ouvrab lè dènye jou nenpòt peryòd tan rive Samdi, Dimanch oswa jou ferye nasyonal.

Konsèy la adòpte konstataasyon fè Abit Apèl la avèk konklizyon lalwa konsènan opòtinite Apèl demandè oswa anplwayè a de Rezolisyon an. Demandè oswa anplwayè a pa te rive founi yon rezon legal sifizan ki jistifye yon eskiz legal pou echèk depozisyon yon apèl nan bon moman de Rezolisyon an, epi pa te rive egzèsè dilijans rezonab konsènan dosye enpòtan sa. Konsa, Konsèy la konkli, Abit Apèl la te aplike byen epi kòrèkteman Lwa sou Sekirite Travay la (N.C. Gen. Stat. § 96-1 et seq.) nan fè yo jan yo twouve a, epi desizyon ki soti a te annakò avèk lwa avèk fè yo.



# Desizyon Otorite Siperyè yo:  
Paj De nan Twa

Desizon Abit Apèl la **AFIME**.

Apèl demandè oswa anplwayè a ki te rive anreta a **PA TE PÈMI**.

Rezolisyon sou Dosye Jij la nan nimewo: **VIN DEFINITIF**.

Demandè a **DISKALIFYE** pou alokasyon asirans chomaj yo k ap kòmanse . (**PA**

**DISKALIFYE**) epi pral resevwa alokasyon asirans chomaj la k ap kòmanse .

Manm Konsèy Egzamen yo: John S Doe avèk Susan S Doe te patisipe nan apèl sa epi te dakò avèk desizyon sa a.

Sa se :

## KONSÈY EGZAMEN

---

Prezidan

**NÒT:** Desizyon Otorite Siperyè a pral vin definitiv nan trant (30) jou aprè li voye pa lapòs sof si yon petisyon pou egzamen jidisyè depoze avèk kou siperyè a jan li endike pi ba a. Dat li voye pa lapòs la twouve nan dènye paj desizyon sa. Menm si Konsèy la pa bay avi jiridik, silvouplè konsilte bwochi ki atache a pou plis konsèy sou kòman pou fè apèl yon Desizyon Otorite Siperyè. Bwochi a disponib nan biwo travay piblik yo nan tout Eta a, epi sou sitwèb Divizyon Sekirite Travay la. Ou kapab vizite tou seksyon *Kesyon ki Souvan Poze* yo sou sitwèb Divizyon Sekirite Travay la nan [www.des.nc.gov](http://www.des.nc.gov), epi konsilte yon avoka selon chwa w.

### **DWA APÈL POU EGZAMEN JIDISYÈ**

Apèl apati de Desizyon Otorite Siperyè sa dwe depoze avèk Grefye Kou Siperyè a pa moun k ap fè petisyon an nan zòn kote li rezide a, oswa kote moun k ap fè petisyon an genyen espas prensipal biznis li. Si yon pati pa rezide nan okenn zòn oswa genyen espas prensipal biznis li nan nenpòt kanton nan kawolin Dinò, apèl yo dwe depoze avèk Grefye Kou Siperyè kanton Wake county a, Kawolin Dinò oswa avèk Grefye Kou Siperyè kanton kawolin Dinò kote kontestasyon an te fèt la.

Desizyon de Otorite Siperyè a pral vin definitiv trant (30) jou aprè li voye pa lapòs sof si yon petisyon ki te rive alè pou egzamen jidisyè depoze avèk kou siperyè a an konfòmite avèk N.C. Gen. Stat. §§ 96-15(h) avèk (i).

Kopi tout petisyon pou Egzamen Jidisyè ki depoze bay Grefye Kou Siperyè a dwe voye bay Divizyon Sekirite Travay la (“Divizyon”) avèk tout pati ki enskri nan pwesesis la nan delè dis (10) jou de lè petisyon an te depoze a. Kopi petisyon an dwe voye pa sèvis pèsònèl oswa yon adrès lapòs, retounen resi ki egzije a. Petisyon pou egzamen kou siperyè a dwe voye ladan epi adrese avèk ajan ki imatrikile pou sèvis trètman nan Divizyon an:

ENPÒTAN – GADE PAJ KI SWIV LA

# Desizyon Otorite Siperyè yo:  
Paj Twa nan Twa



A. John Q Lawyer

Konseye Jiridik an Chèf

Depatman Komès Kawolin Dinò

Divizyon Sekirite Travay

**Adrès Lapòs:** Post Office Box 25903, Raleigh, NC 27611-5903

**Adrès Fizik:** 700 Wade Avenue, Raleigh, NC 27605-1154

**NÒT:** Si ou te enfòm avèk yon petisyon pou egzamen jidisyè pa lòt pati a, ou p ap yon pati pou pwosesis egzamen jidisyè a sof si ou: (1) Enfòm kou siperyè a nan delè dis (10) jou aprè ou resevwa petisyon ke ou vle vin yon pati nan pwosesis yo, oswa (2) depoze yon mosyon pou entèvni jan li dekri nan N.C. Gen. Stat. § 1A-1, Règ 24.

### **AVI POU TOUT PATI KI ENTERESE**

Yon reprezantan legal jan li defini nan 04 N.C. Kòd admin. 24A .0105(32) ( enkli moun antrepriz tyès pati yo k ap sèvi antanke anlwayè administratè asirans chomaj la) dwe yon avoka lisansye, oswa yon moun ki sipèvize pa yon avoka lisansye an konfòm avèk N.C. Gen. Stat. Ch. 84 and § 96-17(b). Avi avèk oswa Sètifikasyon sipèvizyon yon avoka dwe ekri konfòm avèk 04 N.C. Kòd Admin. 24C .0504. **Yon reprezantasyon legal nan pwosesis jidisyè dwe an konfòm avèk N.C. Gen. Stat. Ch. 84.**

Selon 04 N.C. Kòd Admin. 24C .0504, lòske yon pati genyen yon reprezantan legal, tout dokiman oswa enfòmasyon ki rekòmande pou founi yo pral voye sèlman bay reprezantan legal la. Tout dokiman ki te founi pa yon reprezantan legal yon pati pral genyen menm fòs epi menm efè tankou si li te voye dirèkteman bay pati a.

**Pou demann ki depoze pandan oswa aprè 30 Jyen 2013 yo, demandè a fè sijè ranbousman alokasyon li te resevwa de nenpòt desizyon jidisyè oswa administratif ki ranvèse pita pandan apèl la.** N.C. Gen. Stat. § 96-18(g)(2).

**AVI ESPESYAL POU DEMANDÈ YO:** Si ou t ap resevwa oswa te deja alokasyon asirans chomaj anakò avèk demann ki soulinye a epi avèk Desizyon Otorite Siperyè a ran ou pa elijib oswa diskalifye pou tout oswa yon pati nan alokasyon sa yo, kounyeya ou kapab jwenn yon pèman anplis de alokasyon yo selon N.C. Gen. Stat. § 96-18(g)(2). Si yon pèman anplis te kreye pa Desizyon Otorite Siperyè a, ou pral resevwa pa lapòs yon avi separe de pèman anplis la oswa rezolisyon pèman anplis de Divizyon Entegrite Alokasyon/ Seksyon Kontwòl Pèman Alokasyon an. Avi pèman anplis la oswa rezolisyon pèman anplis la dwe mansyone, pami lòt bagay yo, montan pèman anplis ou an avèk tout penalite ki aplike. Silvouplè pran nòt, sèl mwayen ou kapab konteste pèman anplis la se fè depozisyon yon petisyon pou egzamen jidisyè de Desizyon Otorite Siperyè sa nan tribinal ki founi pi wo a, epi an konfòm avèk lwa kawolin Dinò. Nan petisyon ou an, ou dwe espesifye kelkeswa w ap aplè (1) rezilta diskalifikasyon a oswa elijiblite avèk oswa (2) rezolisyon final ou te resevwa yon pèman anplis alokasyon.

Apèl ki te depoze:

Desizyon ki te voye pa Lapòs: